Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 38 (7439)
23 Сентябрь 2020 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

# Депутатазул Собраниялъул заседание



I7 сентябралда букIана Унсоколо районалъул депутатазул Собраниялъул заседание. Депутатаз гьоркьоб лъуна нилъер муниципалитеталъе кIвар бугел чанго суал.

2020 соналъул 27 февралалда къабул гьабураб «РДялъул «Унсоколо район» МОялъул 2020 соналъе ва плановияб 2021-2022 сонazeги бугеб бюджеталъе гьабураб хIукмуялда хиса-басиял гьари».

Депутатазул Собраниялъул 20I4 соналъул 29 декабралда къабул гьабураб «Спортивиял тадбиразе ва призазе гIарац харж гьабиялъул нормабазда тIадежураял гьари»,-абурал.

ТIоцебесеб суалалдасан докладгун кIалъана финансовияб отделалъул нач. Ж. Якъубов. Гьес бицана нилъер районалъул бюджеталъул, гьелъул источниказул ва тIадеги рачIарал средствабазул.

Собраниялъул хIукмабазде тIадежураял гьариялъул бицана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьес бихьизабуна нилъер цIар рагIарал спортсменаз хIалтIизарулел видал олимпиялъулал кколарин, гьединлъидал чIахIиял турниразда хIалел призерал ва цогидалги турниразда бергьенлъи босарал спортсменал шапакъатал щвечIого хутIулел ругин яги щолеб бугин чанго нухалъ гIодобегIанисеб къадар цогидал спорталъул видазда цере рахъунезда данденккун. «Дица рикIкIуна гьеб битIараб гьечIин. Олимпиялъул спорталъул видалъул спортсменазе 200 азарго гъурущ щолеб мехалъ гьезиеги щвезе ккола гьелъул бащадбниги»,-ян абуна ГI. НурмухIамадовас. – Гьединаб буго нилъер районалда спортивияб рахъалъ специфика. Нилъер гьанир машгьурал руго спорталъул гIемерал видал, гьел видазда цере рахъунел гIолилазе кумек гьабизе бокьун буго дие. Гьезие асар гьабизе ккола нилъер кверчIваялъ кир гьел ругониги, кир цере рахъунел ругониги.

ЦIикIкIарисез гьоркьобги лъун гьел рихьизариял къабул ва тасдикъ гьаруна.

Гьединго Собраниялда балагьана цогидал суалазухъги. ТIадчIей гьабуна районалда эпидемиологиялъул бугеб хIалалда. «Гьарула цойги нухалъ щвезабе гIадамазухъе; я бертин я магIирукъ я мавлид гьабсагIаталда гIемерал гIадамалги ахIун гьаризе бегьунгутIи. Жалго данде русун, халкъ бакIаричIого гьабейин гьел,-ян бичIчIизабе. Холел ругел гIадамазухъ балагьунгIаги кантIизе заман щвана. Гьаб буго кутакалда хIинкъи бугеб вирус, бичIчIизе ккола нилъее гIоло гIадамал унтизе, хвезе рес букIин нилъ общественниял бакIазде ракIарани.

# Нижгун церетIей, мугIрул!



Гьединаб ахIиялда гъоркь унеб буго РДялъул Минэкономразвития, ай «Социалиябгун экономикияб рахъалъ мугIрузул территориалияб цебетIеялъе» гьабулеб агитация Дагъистаналда.

Чанго къоялъ цебе Унсоколо районалде рачIун рукIана ННТялъул каналалъул съемочнияб группа. Репартерал Шамильхъала поселокалде рачIана РДялъул экономикияб ва территориалияб цебетIеялъул Министерствалъул хIара-кталдалъун. ННТялъул телеканалалъ рахъана «Хлебный дом» пекарнялъул хIакъалъулъ. Гьелъул бетIергьан гIахьаллъулев вуго госпрограммаялда. Нижер мухбирги вукIана гьенив.

Гьелда гIахьаллъиялъул аслияб шартI ккола инвестпроект букIин 500 метр ралъдал гьумералдаса тIадехун х1алт1улеб.

Субсидия кьола ква-нил продуктаби ва мо-гьолал жал хIадуризе оборудование босизе, малогабаритниял теплицаби, продук-ция цIунизе централ гьаризе, промышленнияб къайи къватIибе биччаялъе предприятиял рекъе-зариялъе, гьединго малогабаритниял росдал продукция хIадуриялъе ЛПХял росиялъе.

Предприниматель, нилъер ракьцояв, пачалихъалдасан обо-рудования босизе субсидия щварав ХIажимухIамад МуртазагIалиевас гьадин бицана: «Дун кутакалда вохарав вуго предпринимателазул ругел захIмалъабазде пачалихъалъ кIвар кьезе лъугьиналдаса. – Финансовиял ресал ругони нижеда росизе кIола гьанжесел еврооборудованиял, тIадеги хIалтIухъаби росизе – гьелдалъун хIалтIи гьечIого хутIаразе гьеб чIезабизеги. Гьелги хIалтIаби ралагьизе чIахIиял шагьаразде ине кколаро хIалтIуда хадур. Гьединаб кверчIвай щвеялъ рес кьола биснес-идеял, лъикIал ишал гIумроялде рахъинаризе. Щварабщинаб хайир нижеца лъола производствалда тIад, росула оборудованиял, кьола хIалтIухъабазе харжал, босула хIажатабщинаб сирьё. Божа нуж, гьеб буго гIезегIанго захIматаб хIалтIи»,-ян бихьизабуна гьес.

# Аппараталъулаб данделъи



I8 сентябралда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана иргадулаб райадминистрациялъул аппараталъулаб совещание. Гьенир рорхана районалъул гIемерал захIмалъаби гъорлъ ругел суалал.

Данделъи байбихьана налогал ракIариялъул суалалдасан. Райадминистрациялъул экономикияб отделалъул нач. М. ХIасановасул рагIабазда рекъон налогал ракIариялъул иш районалда борхалъуда буго. I5 сентябралде лъагIалица бакIаризе кколеб къадар бахун буго 63,7 %.

Борхана школазда цIалдохъабазе бухIараб квен кьеялъул ва тIубанго лъай кьеялъул суалал. Лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Къ-М. ХIасановасул рагIабазда рекъон районалъул школаз да жиндир заманалда байбихьана школалъул цIалул процесс, тIуран руго киналго Роспотребнадзоралъул рихьизариял. Кинаб букIаниги дандеккунгутIи гьечIо лъималазе бухIараб квен кьеялъулги.

(Ахир 4 гьумералда)

Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул бихьизабиялда рекъон коронавирусалъул инфекция тIибитIунгутIиялъе дезинфекция гьабуна Унсоколо № I гьоркьохъеб школалъул кIиябго этажалда, классазда, киса-кибего. Школалда низам цIуниялъул иш нухмалъиялъул бербалагьиялда гъоркь буго, гьенир гьарулел руго вирусалъул унти бахунгутIиялъе киналго тадбирал.



Баркиял

# ТалихI-баркат нилъее киназего



Гьал къоязда 6I сон тIубана Дагъистаналъул щайих АхIмад Афанди гьавуралдаса. Гьеб лъугьа-бахъин Муфтиясда баркана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасги. Гьадин хъвалеб буго гьелда;

ХIурматияв АхIмад Афанди!

Изну кье ракI-ракIалъ баркизе Дуда Мун гьавураб къо!

Биччанте Дур гIакълу ва баракат кидаго нижгун хутIизе. Дуда кидаго къварилъи пашманлъи лъагеги, кидаго талихIалъул ва баракаталъул цIун хутIаги рукъ. БукIине те дагъистаниязул, Дур вацал яцазул даимаб иман ва кидаго Аллагь лъазавиялъул насихIатчилъун мун нижгун вукIине.

ТалихI, баракат, рахIмат нилъее киназего!

**ЛъикIабщинаб Дуе гьарулаго**
**Унсоколо районалъул бетIер**
**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**



ХIурматияв МухIамад МухIамадгIалиевич!

«Унсоколо район» МОялъул хIалтIухъабазул, районалъул Собраниялъул депутатазул, ЖамгIияб палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула Дуда Мун гьавураб къо.

Дур гIаданлъиялъулал мисалал, гьабулеб ишалъе тIуванго мунго кьей, цере лъурал масъалаби тIуразариялъе ва районалда спорт цебетIезабиялъе гьабулеб хIалтIи кIудияб буго.

Гьарула, Дуе кидаго борхун бетIергун цевехун ин, ишал гIумроялде рахъинариялъе лъикIал пикраби, щваралда гIей гьабун чIунгутIи. Дур анищал тIуралел ишазул кIваргун данде ккаги! ЛъикIал пикраби, талихI-рохел Дур рукъалъе!

**«Унсоколо район» МОялъул бет1ер**
**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**

ГIалимзаби

# Исламалъул гIелмабазул доктор



I7 сентябралда районалда букIана Аллагь лъаялъул темабазда тIоцебе Дагъистаналда диссертация цIунарав, Унсоколо районалъул вукIарав имам, нилъер ракьцояв ГъазимухIамад Абакаровасулгун дандчIвай. ГьабсагIаталда гьев вуго РДялъул Муфтияталъул МугIрул территориялияб округалъул ракълиде ахIвал-хIал бачиналъул отделалъул нухмалъулев.

Гьеб рохалилаб хабар хехго тIибитIана Дагъистаналда, хасго Унсоколо районалъул гIадамазда гьоркьоб. Рохел кIодо гьабизе гьабулеб данделъиялда кIалъалаго муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьеб бугин тIубараб Дагъистаналъего кутакалда чIухIизе кколеб хабар. «ГъазимухIамад Абакаров ккола Дагъистаналъул цIар арав имам ГъазимухIамадил тухумкьибилалъул чи, гьес абуни жакъа къоялдеги цIар араблъун гьабун буго нилъер район. Гьаб район кидаго букIана гIалимзабаздалъун бечедаб, гьеб жеги цIикIкIинабуна ГъазимухIамадица. Дица ракI-ракIалъ гьарула, Дуе, баракат цебетIей, жеги гIемерлъаги нилъее гIалимзаби ва гьезул баракат. Нижер рахъалдасан кидаго букIине буго гьелъие кумек, квер чIвай»,- ян абуна ГI. НурмухIамадовас гьесухъе диплом ва сайгъатал кьолаго.



Унсоколо районалъул гIалимзабазул Советалъул председатель М-Р. МухIамадовас бихьизабуна жив вохарав вугин гьединал гIалимзабазул ракьалда, гьадинаб тадбиралда нужее ва гьалбадерие салам кьезе щвеялдаса. «ЦIаларал гIалимал ккола жинда Аллагьасул салам лъеяв Аварагасул ирсилал, нилъееги баракатгун рахIмат ва кумек щолел. ТIадегIанасе рецц буго нилъее гьадинал исламалъул гIалимзаби кьурав. Бусурбабазе кутакалда кIудияб рохел буго нилъее цойги гIалимчи вахъин»,-абун.

КIалъазе вахъана РДялъул Муфтияталъул тIоцевесев зам. АхIмад-хIажи Кахаев. Гьес данделъаразда бицана АхIмад-хIажи Афандил салам ва бихьизабуна жакъа ансадерил жамагIаталъул цIакъ рохараб къо бугин. «Биччанте районалъул жамагIаталъул, тIолалго Дагъистаниязул, киналго бусурбабазул рукIине ГъазимухIамад гIадинал васал. Гьанже гьев ккола гIалимчи, ай исламиял гIелмабазул доктор. Дагъистан ккола гIалимзабазул ВатIан. Гьаниб бан буго Европаялда гьечIебгIанги кIудияб исламияб университет, гьеб тарихалъулъе унги буго. ГIемерал рахъана нилъер заманалдаги гIалимзаби. Гьеб буго Аллагьасул нилъеде бугеб кIудияб гурхIел».

РагIи кьуна ГъазимухIамад Абакаровасеги. ГъазимухIамадица абуна: «РагIул къуват букIунин гIелму лъазабун бицани – гьеб хвалчадасаги къуватаб бугин. Биччанте нилъер гIемер рукIине гIелму лъазабун рахъунел гIалимзаби»,- абун.

Баркиялъул калам гьабун тадбиралда кIалъазе вахъана РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовги. Гьес бихьизабуна Аллагь лъазавиялъул нухда ругел гьадинал гIемерал гIалимзаби ругеб бакIалде жеги ккун вукIинчIин, кIудияб рохел бугин Дагъистаналъе гьадинав цоги гIалимчи щвей,-абун. Гьес ГъазимухIамад Абакаровасда ракI-ракIалъ баркана тIадегIанав гIалимчилъун вахъин.

Тадбиралда ахIана нашидал, бицана лъай-гIакълу кьолел тарихалдаса бутIаби, кьуна квен. ДандчIвай ана гIелмуялде щивасул ракI цIалеб ахIвал-хIалалда.

# ОБЪЯВЛЕНИЕ
# о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы МО городского поселения «пос. Шамилькала»

**Собрание депутатов МО«пос. Шамилькала» объявляет конкурс по отбору кандидатур на должность главы МО городского поселения«пос. Шамилькала».**

Организация и проведение конкурса осуществляется конкурсной комиссией, созданной решением Собрания депутатов городского поселения«пос. Шамилькала» от 21.09.2020 г. №4 и распоряжением главы МО «Унцукульский район» от 21.09.2020 г. № 159-р.

В соответствии с решением Собрания депутатов городского поселения «пос. Шамилькала» от 21.09.2020 г. №4 конкурс состоится 26.10. 2020 г. в 10 час. 00 минут по адресу: 368948Унцукульский район, пос. Шамилькала, здание администрации городскогопоселения «пос. Шамилькала», кабинет главы.

Место и время представления документов, необходимых для участия в конкурсе, ознакомления кандидатов с нормативными документами и получения бланков документов установленного образца: 368948,Унцукульский район, пос. Шамилькала, здание администрации городскогопоселения «пос. Шамилькала», кабинет главы, с 09 ч. 00 м. до 12 ч. 00 м. и с 13 ч. 00 м. до 16 ч. 00 м.

Срок представления документов устанавливается с 25.09.2020 г. по 16.10.2020 г.

Условия проведения конкурса, процедура проведения конкурса и приложения из Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы городского поселения «пос. Шамилькала» на

Условия проведения конкурса

Право на участие в конкурсе имеют граждане Российской Федерации, достигшие возраста 21 лет.

Граждане Российской Федерации, имеющие гражданство иностранного государства либо вид на жительство или иной документ, подтверждающий право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства, вправе участвовать в конкурсе, если это предусмотрено международным договором РФедерации.

Иностранные граждане, постоянно проживающие на территории сельского поселения (далее – сельское поселение), имеют право участвовать в конкурсе на тех же условиях, что и граждане Российской Федерации, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации.

Гражданин, изъявивший желание участвовать в конкурсе, представляет в конкурсную комиссию следующие документы:

1) личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы сельского поселения по форме согласно приложению 1 к Положениюо порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы МО городского поселения«пос. Шамилькала»,утвержденному решением Собрания депутатов городского поселения «пос. Шамилькала» от 21.09.2020 г. № 4, (далее - Положение).

В заявлении указываются фамилия, имя, отчество, дата и место рождения, адрес места жительства, серия, номер и дата выдачи паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, наименование или код органа, выдавшего паспорт или документ, заменяющий паспорт гражданина, идентификационный номер налогоплательщика (при наличии), гражданство, сведения о профессиональном образовании (при наличии) с указанием организации, осуществляющей образовательную деятельность, года ее окончания и реквизитов документа обобразовании и о квалификации, основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы – род занятий).

Если кандидат является депутатом и осуществляет свои полномочия на непостоянной основе, в заявлении должны быть указаны сведения об этом и наименование соответствующего представительного органа. Кандидат вправе указать в заявлении свою принадлежность к политической партии, либо не более чем к одному иному общественному объединению и свой статус в этой политической партии, этом общественном объединении при условии представления вместе с заявлением документа, подтверждающего указанные сведения и подписанного уполномоченным лицом политической партии, иного общественного объединения либо уполномоченным лицом соответствующего структурного подразделения политической партии, иного общественного объединения.

Если у кандидата имелась или имеется судимость, в заявлении указываются сведения о судимости кандидата, а если судимость снята или погашена, - также сведения о дате снятия или погашения судимости.

2) К заявлению прилагаются:копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина;

копии документов, подтверждающих указанные в заявлении сведения об образовании, основном месте работы или службы, о занимаемой должности (роде занятий), а также о том, что кандидат является депутатом.

3) сведения о размере и об источниках доходов кандидата, а также об имуществе, принадлежащем кандидату на праве собственности (в том числе совместной собственности), о вкладах в банках, ценных бумагах. Указанные сведения представляются по форме согласно приложению 2 к Положению.

4) согласие на обработку персональных данных согласно приложению 3 к Положению.

Указанные документы кандидаты обязаны представить лично. Документы могут быть представлены по просьбе кандидата иными лицами в случаях, если кандидат болен, содержится в местах содержания под стражей, подозреваемых и обвиняемых (при этом подлинность подписи кандидата на документах в письменной форме должна быть удостоверена нотариально, либо администрацией стационарного лечебно-профилактического учреждения, в котором кандидат находится на излечении, администрацией учреждения, в котором содержатся под стражей подозреваемые и обвиняемые).

Заявление и прилагаемые к нему документы принимаются конкурсной комиссией при предъявлении паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина (если в соответствии с пунктом 27 Положения уведомление осуществляется другим лицом, – при предъявлении нотариально удостоверенной копии паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, удостоверяющего личность кандидата). Копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, заверяется подписью лица, принявшего заявление, и прилагается к заявлению.

Конкурсная комиссия выдает кандидату письменное подтверждение получения документов незамедлительно после их представления с указанием даты и времени их приема по форме согласно приложению 4 к Положению.

По желанию гражданина им могут быть представлены документы о дополнительном профессиональном образовании, о присвоении ученой степени, ученого звания, о награждении наградами и присвоении почётных званий и иные документы, характеризующие его личность и профессиональную подготовку.

Прием документов для участия в конкурсе осуществляется в установленные сроки.

Сведения, представленные гражданином для участия в конкурсе, по решению конкурсной комиссии подлежат проверке в установленном законодательством Российской Федерации порядке.

Несвоевременное и неполное представление документов является основанием для отказа гражданину в приеме документов для участия в конкурсе.

На основании представленных документов конкурсная комиссия принимает решение о допуске гражданина либо об отказе в допуске к участию в конкурсе.

Гражданин не допускается к участию в конкурсе при наличии следующих обстоятельств:

1) отсутствие у кандидата пассивного избирательного права;

2) непредставление в конкурсную комиссию перечня документов, предусмотренных Положением;

3) наличие среди документов, представленных в конкурсную комиссию, документов, оформленных с нарушением требований Положения;

4) отсутствие каких-либо сведений, предусмотренных подпунктом 3 пункта 26 Положения;

5) сокрытие кандидатом сведений о судимости, которые должны быть представлены в соответствии с Положением.

6) наличие в отношении гражданина Российской Федерации вступившего в силу решения суда о лишении его права занимать муниципальные должности в течение определенного срока, если конкурс состоится до истечения указанного срока;

7) прекращения гражданства Российской Федерации, прекращения гражданства иностранного государства – участника международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым иностранный гражданин имеет право избираться главой муниципального образования, приобретения им гражданства иностранного государства либо получения им вида на жительство или иного документа, подтверждающего право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства, не являющегося участником международного договора Российской Федерации, всоответствии с которым гражданин Российской Федерации, имеющий гражданство иностранного государства, имеет право избираться главой муниципального образования;

8) наличия гражданства иностранного государства (иностранных государств), за исключением случаев, когда кандидат на должность главы сельского поселения является гражданином иностранного государства – участника международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым иностранный гражданин имеет право избираться главой муниципального образования;

9) представления подложных документов или заведомо ложных сведений;

10) непредставления или представления заведомо недостоверных или неполных сведений, предусмотренных подпунктом 3 пункта 26 Положения.

К участию в конкурсе не допускаются также граждане:

1) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких и (или) особо тяжких преступлений и имеющие на день проведения конкурса неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления;

2) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена, - до истечения десяти лет со дня снятия или погашения судимости;

3) осужденные к лишению свободы за совершение особо тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена, - до истечения пятнадцати лет со дня снятия или погашения судимости;

4) осужденные за совершение преступлений экстремистской направленности, предусмотренных Уголовным кодексом Российской Федерации, и имеющие на день проведения конкурса на выборах неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления, если на таких лиц не распространяется действие подпунктов 2 и 3 настоящего пункта;

5) подвергнутые административному наказанию за совершение административных правонарушений, предусмотренных статьями 20.3 и 20.29 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях, если конкурс состоится до окончания срока, в течение которого лицо считается подвергнутым административному наказанию;

6) признанные судом недееспособными или содержащиеся в местах лишения свободы по приговору суда.

Гражданин Российской Федерации, отрешенный от должности главы сельского поселения Главой Республики Дагестан, не допускается к участию в конкурсе, назначенном в связи с указанными обстоятельствами. Если деяние, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом не признается тяжким или особо тяжким преступлением, действие ограничений, предусмотренных пунктами подпунктов 2 и 3 пункта 36 Положения, прекращается со дня вступления в силу этого уголовного закона.

Если тяжкое преступление, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом признается особо тяжким преступлением или если особо тяжкое преступление, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом признается тяжким преступлением, ограничения, предусмотренные подпунктами 2 и 3 пункта 36 Положения, действуют до истечения десяти лет со дня снятия или погашения судимости.

Список граждан, допущенных к участию в конкурсе, утверждается решением конкурсной комиссии на заседании конкурсной комиссии.

Конкурсная комиссия уведомляет в письменной форме о принятом решении граждан, не допущенных к участию в конкурсе, с указанием причин отказа в допуске к участию в конкурсе, в срок не позднее 5 рабочих дней со дня принятия решения.

Гражданин, не допущенный к участию в конкурсе, вправе обжаловать решение конкурсной комиссии об отказе ему в допуске к участию в конкурсе в соответствии с законодательством Российской Федерации.

Процедура проведения конкурса

Конкурс проводится, если на участие в конкурсе поданы документы не менее двух кандидатов. В противном случае конкурс признается несостоявшимся.

Кандидат вправе представить в конкурсную комиссию письменное заявление об отказе от участия в конкурсе. С момента поступления указанного заявления в конкурсную комиссию кандидат считается снявшим свою кандидатуру.

Конкурс проводится в два этапа.

На первом этапе конкурсная комиссия проводит проверку достоверности сведений, представленных кандидатами, а также проверку соответствия кандидатов установленным требованиям, на основании представленных ими документов, а также информации, представленной правоохранительными органами, иными государственными органами, органами местного самоуправления и их должностными лицами. Изучение указанных документов и информации осуществляется в отсутствие кандидатов.

По итогам первого этапа конкурса конкурсная комиссия принимает одно из следующих решений:

1) о признании первого этапа конкурса состоявшимся с утверждением кандидатов, допущенных к участию во втором этапе конкурса;

2) о признании конкурса несостоявшимся в следующих случаях:

наличия одного кандидата;

признания всех кандидатов несоответствующими установленным требованиям;

подачи всеми кандидатами заявлений об отказе от участия в конкурсе.

Конкурсная комиссия уведомляет о принятом решении кандидатов, допущенных к участию во втором этапе конкурса, а также кандидатов, не допущенных к участию во втором этапе конкурса, с указанием причин отказа в допуске к участию во втором этапе конкурса.

Второй этап конкурса проводится не позднее 15 дней со дня окончания приема документов.

На втором этапе конкурса комиссия проводит оценку профессиональных и личностных качеств кандидатов, допущенных к участию во втором этапе конкурса, их умений, знаний, навыков на основании представленных документов и по результатам конкурсных испытаний.

При проведении конкурса могут использоваться не противоречащие федеральным законам и другим нормативным правовым актам Российской Федерации и Республики Дагестан методы оценки профессиональных и личностных качеств кандидатов, включая:

1) индивидуальное собеседование;

2) анкетирование;

3) проведение групповых дискуссий;

4) тестирование;

5) устное или письменное изложение своих предложений, программы развития сельского поселения в рамках полномочий главы сельского поселения;

**(Продолжение на 4 странице)**

# Аппаратальулаб данделъи

Гьединго данделъиялда рорхана районалъул, республикаялъул ва федералияб кIваралъул бакIал раялъул суалги; ХъахIабросулъ хинлъи чIезабиялъул, «Комфортная городская среда», «Безопасные дороги», «Чистая вода» программаби гIумроялде рахъинариялъул.

Аппараталъулаб совещаниялда аслияб кIвар кьуна районалда эпидемиологияб рахъалъ бугеб хIалалдеги. «ЖакъаругогIадамалхIинкъигьечIолъи букIинабиялъе гьабулеб хитIаб бичIчIуларелги. ЦIидасан байбихьана коронавирусалъ гIадамал унтизе. Нилъеца халкъалда гьоркьоб вирус тIибитIизе биччазе бегьуларо. РагIа-ракьанде щвараб цIодорлъи букIинабизе ккола киса-кибго. Маска бачIого кивениги щивниги ине бегьуларо, хасго школазде. Иш гьечIел гIадамал ине хIажат гьечIо гьенире, гIицIго цIалдохъабиги учительзабиги гурел, районалъул прокурор яги бетIер вугониги, батIалъи гьечIо. Хъаравуллъиялда цIуне гьениб бугеб ахIвал-хIал».



Данделъиялда районалда эпидемиологияб рахъалъ бугеб хIалалъул бицана бетIерасул зам. М. ХIамзатовас. Гьес абуна унтаразул къадар дагьабго гIодобе бачIанин. – Больницаялда вукIана 43 чи, гьезул 9 чи рокъоре риччана. «ГьабсагIаталда вирусалъ унтарав 34 чи вуго больницаялда»,-ян бихьизабуна гьес. – Амма нилъеца гьеб иш хъаравуллъиялда гъоркьаса борчIизе тезе бегьуларо.

Банкеталъул залал, кафеял, ресторанал къан руго. Бертаби, магIирукъзал гьаризе ккола рокъор, гIемераб халкъ бакIаричIого, жалго цIакъго гIагарал гIадамалги ракIарун. Жеги мажгитаздаги дистанция чIезаби рехун тезе бегьуларо»,-ян абуна М. Х1амзатовас.

Муниципалитеталъул бетIерас тIадчIей гьабуна гьел программаби тIуразарулаго хIалтIул рахъи ва качество тIадегIанаб къагIидаялъ букIине кколин. «Дица кьварун хадуб хал ккезе буго нужер хIалтIуда. Нилъее бюджеталдасан биччараб кинабго гIарцуде хIалтIи гьабун буго. Кинабго гьеб ана гьабизе кколеб хIалтIуде. БатIияса букIине ресги гьечIо. Гьеб рахъалъ дица нужее рагIи кьола. Дун цIакъ рази вуго ва баркала загьир гьабула нилъер республикаялъул нухмалъиялъ нилъеде гьабураб божилъиялъухъ ва кумекалъухъ. Бокьараб министерствалъул ва ведомствалъул нуцIби нилъее рагьарал руго. Гьединлъидал дир нужеде гьари буго, тIадаб хIалтIи ракI бацIцIадго тIубазабун хIалтIе»,-ян бихьизабуна бетIерас.

# РакI унтун зигара бала



Гьал къоязда 66 сонил гIумроялда нилъедаса ятIалъана ракI лъикIай инсан, хIаракатай общественница Унсоколо районалъул руччабазул Советалъул председатель ПатIимат НурмухIамадова.

Ахирияб кIиго сонал тIубазабулеб букIана ПатIиматица гьеб обществалда руччабазул роль борхизабиялъе ва гIуцIарухъанлъиялъулаб хIалтIулъе гьел цIаялъе кIудияб кIвар бугеб хIалтIи.

Гьелъул гьабулеб ишалдехун бугеб ракI бацIцIадаб бербалагьиялъ, тIад къараб тIубазе бахъулеб хIаракаталъ, ПатIимат НурмухIамадова Дагъистан Республикаялъул Руччабазул Союзалъего лъугьун йикIана мугъ чIвазе бегьулей хIаракатчIужулъун ва хIалимай гIаданлъун.

Дагъистан Республикаялъул Руччабазул Союзалде гьоркьоре унел руччабазул ва дирго рахъалдасан гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго

**ПатIимат НурмухIамадова**

хехаб унтудаса хадуб Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьелъул лъималазда, гIагарлъиялда, Унсоколо районалъул администрациялъул нухмалъулездагун хIалтIухъабазда.

Аллагьас гьей иманалда тIойитIун ятаги!

**Интизар МАМУТАЕВА**
**РДялъул Руччабазул Союзалъул пред.**

* * *

Президиум регионального отделения Всероссийского общественного движения «Матери России» Республики Дагестан выражает самые искренние соболезнования коллегам, родным и близким в связи со смертью Нурмагомедовой Патимат Магомедовны. Разделяем горечь невосполнимой утраты. Патимат была светлым, добрым и отзывчивым человеком. Светлая память о Патимат Магомедовне надолго сохранится в памяти тех, кто её знал и любил.

**Магомедова Таиса Белаловна**
**Председатель РО ВОД «Матери России» РД**

# ОБЪЯВЛЕНИЕ
## о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы МО городского поселения «пос. Шамилькала»

6) иные методы оценки профессиональных и личностных качеств кандидата.

При оценке кандидатов конкурсная комиссия исходит из:

наличия у кандидатов программ развития сельского поселения;

наличия у кандидатов соответствующего уровня образования, профессиональных навыков и опыта работы, необходимых для исполнения полномочий главы сельского поселения;

профессиональных и личностных качеств каждого из кандидатов.

Неявка кандидата в установленное время для участия во втором этапе конкурса считается отказом от участия в конкурсе.

Порядок принятия решения конкурсной комиссии по результатам конкурса

По результатам конкурса конкурсная комиссия принимает одно из следующих решений:

1) о представлении кандидатур на рассмотрение Собрания депутатов.

В данном решении могут содержаться также рекомендации конкурсной комиссии в отношении кандидатов;

2) о признании конкурса несостоявшимся в следующих случаях:

признания всех кандидатов несоответствующими требованиям, установленным настоящим Положением;

наличия менее двух кандидатур для представления на рассмотрение Собрания депутатов;

подачи всеми кандидатами заявлений об отказе от участия в конкурсе.

Решение по результатам конкурса принимается открытым голосованием простым большинством голосов от числа членов конкурсной комиссии, присутствующих на заседании. При равенстве голосов решающим является голос председателя конкурсной комиссии.

Конкурсная комиссия уведомляет о принятом по результатам конкурса решении каждого из кандидатов, принявших участие в конкурсе, в срок не позднее 5 рабочих дней со дня принятия конкурсной комиссией соответствующего решения.

Решение конкурсной комиссии по результатам конкурса с приложением документов, представленных кандидатами в конкурсную комиссию, направляется в Собрание депутатов не позднее чем на следующий день после принятия решения.

Рассмотрение Собранием депутатов вопроса об избрании главы сельского поселения осуществляется в срок не позднее 10 рабочих дней со дня внесения конкурсной комиссией решения по результатам конкурса.

В случае признания конкурса несостоявшимся либо в случае непринятия Собранием депутатов решения об избрании главы муниципального образования сельское поселение из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией, Собрание депутатов принимает решение о повторном проведении конкурса в соответствии с настоящим Положением. При этом персональный состав и полномочия членов ранее сформированной конкурсной комиссии сохраняются.

Заключительные положения

Кандидат вправе обжаловать решение конкурсной комиссии по результатам конкурса в соответствии с законодательством Российской Федерации.

Расходы кандидатов и граждан, связанные с участием в конкурсе, осуществляются за счет их собственных средств.

Документы граждан, не допущенных к участию в конкурсе, возвращаются по письменному заявлению в течение трех лет со дня завершения конкурса.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 07. 09. 20 г. 17.20 фактически -18. 05 мин.

........................................

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.